



## COVID-19 (Kowonaviris 2019)

### ENFÒMASYON RAPID POU TRAVAYÈ AGRIKÒL YO



## Konnen siy yo


Malgre COVID-19 la se yon maladi ki soti nan yon nouvo souch kowonaviris, li pa twò diferan pase lòt viris respiratwa yo. Aprann plis anba a!

## Sentòm COVID-19 yo

- fyèv**
- tous**
- souf kout**
- gòj fè mal**
- frison, latranblad**
- doulè nan misk**
- tèt fè mal**
- pèdi gou bouch oswa pa ka pran sant**

### PWEN ENPÒTAN!

Pifò moun gen sentòm ki pa grav epi jwenn soulajman poukont yo lakay yo. Moun ki pi a risk pou maladi grav yo se granmoun aje yo ak moun ki gen lòt pwoblèm.



### KILÈ POU CHÈCHE ÈD MEDIKAL!

Si w gen nenpòt nan bagay sa yo, ou dwe rele pwofesyonèl swen sante w la touswit:

- difikilte pou respire
- gwo lafyèv
- lòt sentòm ou pa abitye genyenyo oswa ki konsène

## Prevansyon kont COVID-19

Fè prevansyon kont COVID-19 se prèske tankou fè prevansyon kont lòt maladi respiratwa yo tankou rim, ak grip.



### lave men w

Lave yo souvan ak savon epi dlo.




### rete lakay ou

Rete lakay ou si ou sispèk COVID-19 pandan 72 èdtan apre lafyèv la tonbe, men pa mwens pase 10 jou apati de lè ou te vin tonbe malad la.



### pa manyen figi w

Sa a se fason ki pi fasil pou mikwòb antre nan kò w.




### rete a 6 pye distans ak lòt moun

Kenbe distans ak lòt moun lakoz li pi difisil pou mikwòb la pwopaje



### kenbe dezenfektan pou men w tou pre

Sèvi ak dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl, itilize li souvan epi di timoun yo ak moun ki ozalantou ou yo pou yo fè menm bagay la.




### mete yon kouvèti pou figi

Yon kouvèti pou figi ede anpeche pwopagasyon mikwòb ki soti nan yon moun pou ale jwenn yon lòt.




### evite moun ki malad

Sa ede w pou pa an kontak ak mikwòb lòt moun. COVID-19 pwopaje pi fasil lè moun yo gen sentòm yo.



### manje byen epi fè egzèsis

Manje repa ki sen epi fè egzèsis pou ede sistèm iminitè ou epi akselere retablisman w apre maladi a.



Si ou gen lòt maladi tankou maladi kè, dyabèt, maladi poumon, kansè, elatriye, pale ak doktè w la kounye a epi jwenn yon plan sou kisa pou fè si ou vin malad.

Ou gen kesyon?

Rele sant apèl COVID-19 la 24/7: 1-800-962-1253.

Ou ka rele 2-1-1 tou, voye yon mesaj tèks NJCOVID nan 898-211, epi vizite: <https://www.nj.gov/health/cd/topics/ncov.shtml>.